

Fowòm Sitwayen pou Refòm Lajistis la



*Chimen pou n bati yon èd jiridik efikas
kote yo respekte diyite moun*

Dokiman restitasyon 7yèm Fowòm nasyonal la

Pòtoprens, Fevriye 2006

Rafrechi memwa

Depi mwa sektanm 2001, dat premye Fowòm nasyonal la, plizyè òganizasyon nan sosyete sivil la, nan kapital la tankou nan lòt vil depatman yo, reponn prezan pou chita reflechi ak diskite sou refòm lajistis an Ayiti. Nan moman sa a, patisipan yo te mete aklè: «**Rezon ki lakòz sosyete sivil la dwe mele nan zafè refòm lajistis**».

Dezyèm Fowòm nasyonal la te fèt nan dat 28 ak 29 jen 2002. Li te montre : «**Enpòtans diyite moun nan konstriksyon yon lòt pwosè penal**». Patisipan yo te chita sou fason nouvo pwosè penal la dwe pwoteje diyite moun.

Twazyèm Fowòm nasyonal la, jou ki te 27 sektanm 2002 a, te gade fason jistis penal la mache nan peyi a ak fason yo trete moun ladan l. Tout lide sa yo te rantre nan dokiman sila a: « **Ki refòm jistis penal divès sektè sosyete a vle ?**». Dokiman sa a montre nan ki eta lajistis la ye nan moman n ap viv la:

- li mete moun sou kote,
- li pèdi tèt li nan fè laviwonndede ak dilatwa
- epi li abitrè.

Vizyon sitwayen yo nan Fowòm nan, se yon jistis ki louvri pòt li pou tout moun, ki klè pou tout moun, ki efikas, ki endepandan epi ki respekte diyite moun.

Katriyèm Fowòm nasyonal la te fèt jou ki te 26 sektanm 2003 a sou tèm sila a: « **Jistis ak demokrasi, chimen pou n tabli yon pwosè penal demokratik** ». Li te montre relasyon ki genyen ant demokrasi ak jistis. Fowòm Sitwayen an te idantifye senk (5) pwoblèm kle ki lakòz lajistis pa mache kòmsadwa nan peyi a:

- Lajistis la pa pre sitwayen yo, li pa klè;
- Pouvwa jidsyè a pa granmoun tèt li, li depann de lòt Pouvwa yo;
- Lajistis la kòwonpi, pa gen sekirite jiridik;
- Leta pa mete asistans jiridik ak lòt mekanis pou defann dwa sitwayen yo;
- Ankèt yo pa janm abouti.

Senkyèm Fowòm nan te fèt nan dat 16 jiyè 2004 sou « **Chimen pou n bati yon jistis ki granmoun tèt li** ».

Patisipan yo te bay divès rezon ki fè Pouvwa jidisyè a pa granmoun tèt li: tankou estati jij yo ak relasyon ki tabli ant Pouvwa jidisyè a ak lòt Pouvwa yo (Egzekitif la, palman an, kolektivite teritoryal yo, elatriye). Pou rive genyen yon Pouvwa jidisyè ki granmoun tèt li, patisipan Fowòm nan idantifye epi pwopoze yon nouvo estati pou jij yo ak yon seri nouvo enstitisyon yo dwe mete anplas pou pèmèt jij yo granmoun tèt yo, oswa pou ranfòse sistèm lajistis la menm.

Sizyèm Fowòm nan te fèt nan dat premye avril 2005 sou « **Chimen pou n bati yon ankèt efikas kote yo respekte diyite moun** ». Pou patisipan yo, gen plizyè rezon ki fè ankèt yo pa janm abouti. Sa gen awè ak mwayen materyèl, teknik ak syantifik yo ki pa adapte epi ki pa sèvi nan respè pou diyite ak dwa moun. Men tou, se pratik ak jan Pouvwa Leta yo òganize ki parèt nan jan polis jidisyè a ap fonksyone ak bonjan kontwòl ki pa genyen sou aktivite ankèt la ak mezi k ap pran kont moun ki nan ankèt la. Konklizyon ak pwopozisyon sizyèm Fowòm nan abouti ak kat (4) kondisyon pou ankèt yo abouti:

1. Dwe gen yon polis jidisyè efikas ki respekte diyite moun,
2. Dwe gen kontwòl sou aktivite ankèt la ak mezi ki konsènen dwa ak diyite moun,
3. Dwe gen patisipasyon moun ki nan ankèt la (viktim, akize ak temwen),
4. Dwe gen mekanis pou mete otorite k ap vyole dwa moun nan moman ankèt la devan responsabilite yo.

Setyèm Fowòm nan te fèt nan dat 4 novanm 2005 sou: « **Chimen pou n bati yon èd jiridik efikas kote yo respekte diyite moun** ». Nan Fowòm sila a, patisipan yo te chèche konnen poukisa **Leta pa mete asistans jiridik ak lòt mekanis pou defann dwa sitwayen yo** kòm sadwa. Se youn nan pwoblèm kle jistis penal la. Refleksyon sa a te fèt ak senk (5) endikatè ki te konsènen:

1. Efikasite èd Leta mete anplas pou garanti ak pwoteje dwa moun ki nan pwosè a,
2. Fason Leta òganize èd jiridik la,
3. Enstitisyon ki la pou ede viktim ak akize ki bezwen èd nan yon pwosè,

4. Disponibilite èd jiridik la,
5. Kritè pou jistitisyab yo gen aksè ak èd jiridik la.

Pou patisipan yo gen divès rezon ki fè èd la pa efikas. Se fason Leta òganize èd la, kritè yo ki pa byen defini epi ki pa respekte diyite moun, pa gen konpetans ak bonjan finansman ak bonjan kontwòl sou aktivite èd la. Patisipan nan setyèm Fowòm nan te mete yo dakò sou konklizyon pou rive mete sou pye yon èd jiridik ki pran an konsiderasyon bezwen ak diyite moun ki nan pwosè a, jwenn yon fason pou yo kab rezoud konfli yo san gwo ponyèt.

Dokiman sila a remèt nou konklizyon ak pwopozisyon patisipan yo, li ranmase yo nan kat (4) kondisyon pou rive òganize yon èd jiridik ki efikas kote yo respekte diyite moun. Men kondisyon yo:

1. Kritè pou jistitisyab yo jwenn aksè ak èd jiridik la,
2. Òganizasyon ak enstitisyon ki anchaje bay èd jiridik la,
3. Finansman aktivite èd jiridik la,
4. Kontwòl aktivite èd jiridik la.

Fondman

Pou patisipan Fowòm nan, jan èd la òganize se yon kritè pou konnen si Leta a se yon Leta ki respekte prensip demokratik ak lalwa nan peyi a. Kidonk, èd jiridik la dwe garanti ak chita sou prensip libète tout moun, chak moun, san paspouki. Li dwe respekte ak garanti egalite tout moun devan lalwa, fanm kou gason, timoun tankou granmoun. Kidonk, li dwe al jwenn moun ki nan neseseite epi ki bezwen èd la, pandan li respekte diyite moun. Pou fini, èd la dwe chita sou lalwa ki dwe prevwa, kilès, ki mannyè, ki lè ak ki kote moun ki nan neseseite kapab jwenn li.

Nan sa ki konsènen pwosè a, èd jiridik la se yon kritè ak yon garanti pou pwosè penal la efikas tout bon vre. Nan sans sa a, èd jiridik la, dwe pèmèt moun ki bezwen li ak moun ki benefisye li, viktim oswa akize, patisipe nan rezolasyon pasifik konfli a. Li dwe pèmèt tou jistisyab la fè konnen revandikasyon li yo ak dwa li genyen. Ed la dwe pèmèt jistisyab la gen yon bon jan mwayen kontwòl sou jan pwosedi ak jan konfli a ap jwenn solisyon.

Pou èd la efikas, fòk li chèche pi bon mwayen pou rezoud konfli moun yo genyen. Kidonk, èd la dwe adapte ak mak fabrik konfli a. Se pa keksyon lajan sèlman ki dwe konsènen èd la, fòk èd la antre nan yon pwogram, yon politik piblik ki makònen ak reyalite epi ak pwoblèm moun yo ap viv nan soysete a.

Ed la pa limite l senpleman ak asistans yon avoka. Li dwe gen ladan l keksyon jiridik la ak divès lòt aspè ki patisipe nan fason moun nan sosyete a ap chèche epi jwenn pi bon mwayen pou rezoud konfli anndan sosyete a san gwo ponyèt.

Fòk èd la disponib devan tout tribinal nan peyi a, depi nan kòmansman jis nan finisman pwosè a. Ed la pa dwe konsènen sèlman yon kategori konfli, kidonk pi gwo konfli yo. Se tout konfli kriminel yo ki dwe genyen yon èd jiridik, lè jistisyab la bezwen sa.

Se tout konsiderasyon sila yo ki fè patisipan 7yèm Fowòm nan fè yon seri pwopozisyon ki gen rapò ak kat (4)

kondisyon pou tabli yon èd jiridik efikas kote yo respekte diyite moun nan kad pwosè penal la.

Lè n reprann divès pwopozisyon patisipan Fowòm yo te fè, nou pa mete ki kote pwopozisyon an premye te sòti ankò.
Sa vle di: apre Fowòm nasyonal la, tout pwopozisyon, nenpòt ki kote yo sòti, se pwopozisyon tout Fowòm nan yo ye. Se tout Fowòm nan ki tonbe dakò sou yo.

1. Kritè pou jistisyab yo jwenn aksè ak èd jiridik la :

Daprè 7yèm Fowòm nasyonal la, pou èd jiridik la efikas epi pou li respekte diyite moun, fòk Leta pran an konsiderasyon kondisyon ekonomik moun ki bezwen èd la. Men tou, fòk Leta pran bonjan mezi pou fè respekte dwa jistisyab la, lè li pran an konsiderasyon bezwen jistisyab la ak mak fabrik konfli a.

Men ki sa patisipan yo pwopoze pou sa ki gen awè ak :

➤ **Kondisyon ekonomik jistisyab la**

- Èd jiridik la dwe al jwenn moun ki bezwen li toutbonvre.
- Se pa sèlman moun ki nan prizon ki dwe jwenn èd la, men tou viktim ki pa kapab peye yon avoka pou rezoud konfli li devan lajistis dwe jwenn li.
- Se pa sèlman moun ki akize oswa moun ki nan prizon ki pa kapab peye yon avoka pou defann kòz li ki bezwen èd jiridik la. Moun ki viktim zak abitè oswa maspinay ki pa kapab peye yon avoka pou plede kòz yo dwe jwenn èd jiridik la tou.

Pou sa kab fèt :

- Leta dwe bay jistisyab la yon moso èd jiridik gratis oswa total.
- Èd Leta bay la pa dwe limite sèlman ak yon avoka pou defann kòz jistisyab la devan yon tribinal. Èd la dwe pèmèt tou konfli yo rezoud san gwo ponyèt.
- Èd la pèmèt jistisyab la ki pa gen mwayen jwenn yon fason pou fè respekte dwa li devan lajistis.

➤ **Mak fabrik konfli a ak bezwen jistisyab la**

- Èd jiridik la dwe kòresponn ak sa jistisyab la bezwen, viktim tankou akize.

- Pou èd la efikas, li dwe reponn ak nati konfli a. Leta dwe akonpanye èd jiridik la ak lòt konpetans tou, tankou nan domèn sikolojik, nan domèn ankèt, elatriye, ki gen relasyon ak mak fabrik konfli a.
- Ed jiridik la dwe antre nan kad politik piblik Leta. Ed la konsènen kategori sosyal ki pi ekspoze yo tankou: fanm ki vyole (viktim kadejak) oswa yo maspinen, timoun ki pokò gen laj pou reponn zak yo devan lajistis, moun machin frape nan lari, elatriye.
- Èd la dwe pèmèt jistisyab ki pa gen lajan pou peye frè lajistis, jwenn oswa peye ekspètiz tankou otopsi ak ekspètiz medikolegal.
- Se pa sèlman nan ka gwo enfraksyon yo èd la dwe egziste. Lòt enfraksyon yo (tankou kontravansyon ak deli) dwe genyen yon asistans jiridik tou.

2. Òganizasyon ak enstitisyon ki anchaje bay èd jiridik la

Pou 7yèm Fowòm nasyonal la, èd la efikas, se lè li byen òganize ak lè gen bonjan estrikti ak enstitisyon ki la pou bay jistisyab ki bezwen èd la devan tout kategori tribinal yo. Epi tou, fòk gen yon sèvis enfòmasyon sou èd la, sou ki manyè pou jwenn li ak nan ki enstitisyon li disponib.

2.1 *Pwopozisyon pou yon lòt kalite sèvis pou èd la kab pi efikas :*

➤ Yon sèvis enfòmasyon kote pou jwenn aksè ak èd jiridik la

- Èd la dwe pèmèt tout jistisyab yo gen plis konesans nan zafè dwa, lajistis ak lòt mekanis pou rezoud konfli yo san gwo ponyèt.
- Enfòmasyon ak edikasyon sivik dwe fèt pou konsyantize sitwayen yo sou egzistans èd la, piti kon l ye.
- Enfòmasyon oswa edikasyon sivik dwe fèt nan chak tribinal pou pèmèt jistisyab yo konnen ki kote pou yo frape lè yo bezwen èd jiridik.
- Ofis Pwoteksyon Sitwayen ak òganizasyon dwa moun yo dwe gen yon sèvis enfòmasyon sou èd jiridik la. Dwe genyen yon kanpay edikasyon sivik sou sa.

➤ Èd jiridik la egziste nan tout tribinal yo

- Èd la dwe egziste nan tout jiridiksyon yo. Moun ki nan nesosite yo dwe jwenn èd jiridik la nan kelkeswa tribinal la.
- Dwe gen avoka ki aladispozisyon moun ki pa gen mwayen pou peye yon avoka nan tout tribinal yo.

- **Èd jiridik la dwe egziste depi koumansman jis nan finisman pwosè a**
 - Si nou vle gen yon Leta dedwa nan peyi a, se toulede pati yo, viktim tankou akize, ki dwe jwenn èd la, lè yo bezwen li.
 - Èd la dwe egziste depi nan koumansman pwosè a jis nan finisman jijman an. Se pi bon manyè pou èd la efikas.
- **Mete estrikti pou bay konsèy jiridik epi pou pèmèt konfli yo rezoud, lè jistisyab yo mete yo dakò sou sa ak metòd altènatif.**

2.2 Pwopozisyon pou òganize èd jiridik la yon lòt manyè

Toujou, pou èd la kab efikas, Leta dwe pran bonjan lwa pou òganize èd la. Se pa sèvis Leta selman, tankou Ministè Lajistis oswa Ofis Pwoteksyon Sitwayen an ki dwe pi byen òganize, men tou, fòk gen nouvo lwa ki pran pou òganizasyon dwa moun yo ak bawo avoka yo òganize tèt yo pi byen nan zafè bay èd jiridik la.

Men propozisyon Fowòm nasyonal la sou sa :

- Òganizasyon ak enstitisyon ki anchaje pou bay asistans jiridik la dwe gen pi bon ankadreman lalwa pou yo kab fonksyone pi byen.
- Lapolis, jij yo, otorite ki nan gadavi yo, sant detansyon ak prizon yo dwe enfòme jistisyab ki pa gen mwayen pou peye avoka kote pou yo jwenn asistans jiridik.
- Leta dwe mete resous ak mwayen ki nesèsè aladispozisyon Ofis Pwoteksyon Sitwayen, bawo yo, òganizasyon ak enstitisyon ki anchaje pou bay asistans jiridik la.

Pou sa ki konsènen :

- Ofis Pwoteksyon Sitwayen an
 - Gen nouvo lwa ki pou pran sou Ofis Proteksyon Sitwayen an pou èd li bay la kab pi efikas.
 - Ofis Pwoteksyon Sitwayen dwe mete plis atansyon sou moun ki defavorize yo, fanm ak timoun ki nan detansyon, elatrye.
 - Tabli estrikti Ofis Proteksyon Sitwayen nan tout peyi a. Se sou konkou yo dwe chwazi manm yo.
- Bawo yo
 - Leta dwe tabli aklè wòl bawo yo genyen pou yo asiste moun ki pa gen lajan pou peye yon avoka.
 - Bawo yo dwe bay asistans depi koumansman jis nan finisman pwosè a.
 - Avoka estajyè yo dwe jwenn bon jan fòmasyon ak ankadreman nan men avoka ki gen eksperyans pou bay yon asistans kòm sadwa. Bawo yo dwe mete aladispozisyon moun ki pa gen lajan avoka ki gen eksperyans tou.
- Òganizasyon dwa moun yo
 - Tabli yon nouvo kad jiridik pou òganizasyon dwa moun yo kab pi byen fonksyone, epi bay popilasyon an pi bon sèvis.
 - Tabli nouvo regleman ak kritè pou pèmèt òganizasyon dwa moun yo vizite prizon, sant detansyon ak gadavi yo. Leta dwe bay otorizasyon yo pou yon lane renouvlab.
 - Leta dwe pran yon lwa pou di ki jan epi ki pèmèt enstitisyon sila yo bay kategori moun ki sou kote yo ak moun ki bezwen asistans jwenn li lè yo bezwen l (timoun ki pokò kapab reskonsab zak yo devan lajistis, fanm ki nan sityasyon difisil, ki pa kab peye avoka).
 - Òganizasyon sila yo dwe bay yon èd total epi ki efikas nan tout nivo, ni pou timoun ki pokò kapab

reskonsab zak yo devan lajistis, ni pou fanm yo ak lòt kategori soyal ki pi bezwen èd la.

- Ministè Lajistis
 - Li dwe pran responsabilite li nan bay mwayen pou gen yon pwogram èd jiridik ki efikas.
 - Li dwe pran yon nouvo lwa sou èd jiridik la.
 - Li dwe mete anplas yon politik asistans jidisyè ki gen ladan l'òganizasyon ak enstitisyon ki deja gen eksperyans nan domèn nan.

3. Finansman aktivite èd jiridik la

Pou Fowòm nasyonal la, Leta dwe finanse èd la epi li dwe bay ki enstitisyon ak òganizasyon k ap resevwa èd la. Se youn nan kondisyon pou èd la kab efikas epi pou li kab garanti e respekte diyite moun ki nan pwosè a. Men tou, fòk gen bonjan estrikti ki mete anplas yon manyè pou jere epi kontrole lajan ki vin pou èd la, san pa gen presyon lajan sou enstitisyon ak òganizasyon ki benefisye èd la.

Men pwopozisyon patisipan yo :

- Finansman aktivite èd jiridik la
 - Lalwa dwe prevwa yon pati lajan nan bidjè nasyonal la k al pou èd jiridik la.
 - Lalwa dwe prevwa finansman oswa sibvansyon pou òganizasyon ak enstitisyon ki anchaje bay èd jiridik la tankou: Ofis Pwoteksyon Sitwayen, bawo yo ak òganizasyon nan sosyete sivil la.
 - Lalwa dwe klè anpil sou mekanis ki tabli pou finanse oswa sibvansyone èd jiridik la.
- Finansman pou òganizasyon ak enstitisyon ki anchaje bay èd jiridik la
 - Leta dwe mete mwayen ak mekanis anplas pou tabli fason pou fè bidjè èd la epi pou asire patisipasyon òganizasyon ak enstitisyon ki anchaje pou bay èd jiridik la.
 - Otorite Leta yo dwe tande òganizasyon ak enstitisyon ki bay èd la, chèche konnen bezwen yo epi mete yon bidjè aladispozisyon yo, yon manyè pou èd la kab efikas.
 - Leta dwe mete yon komisyon anplas pou evalye fason bidjè èd jiridik la ap bay, pou egzaminen ki pòsyon ki pral pou enstitisyon Leta yo, pou òganizasyon dwa moun yo oswa pou bawo yo. Komisyon an dwe gen ladan l divès sektè ki bay èd la tankou Ofis Pwoteksyon Sitwayen, òganizasyon dwa moun yo, Ministè Lajistis ak Pouvwa Jidisyè a.

- Leta dwe mete estrikti ak mekanis sou ki jan pou dekese lajan ki vin pou èd jiridik la ak fason pou kontwole òganizasyon ak enstitisyon ki anchaje bay èd la.

4. Kontwòl aktivite èd la

Pou Fowòm nasyonal la, èd la efikas lè gen bonjan kontwòl sou fason èd la ap bay. Si dwe gen kontwòl sou òganizasyon ak enstitisyon Leta ki anchaje pou bay èd la, kontwòl sila yo pa dwe yon mwayen pou fè presyón oswa pou anpeche enstitisyon ak òganizasyon yo fè travay yo kòmsadwa.

Men pwopozisyon patisipan yo :

➤ **Sou kalite sèvis èd jiridik la**

- Enstitisyon ak òganizasyon k ap bay èd la dwe gen bonjan estrikti ak mekanis pou resevwa plent ak doleyans moun ki bezwen èd jiridik la.
- Tabli bonjan estrikti pou kontwòle jan èd la dwe bay, ak ki moun ki jwenn èd la.
- Ministè Lajistis, Ofis Pwoteksyon Sitwayen, bawo yo ak òganizasyon dwa moun yo dwe patisipe nan mete mekanis pou kontwòle èd jiridik la. Dwe gen yon estrikti ki tabli pou sa.
- Enstitisyon ak òganizasyon ki anchaje pou bay èd la dwe fè rapò piblik sou fason èd la bay ak ki pwoblèm li genyen.

➤ **Sou fason lajan ki vin pou èd jiridik la ap depanse**

- Ministè Lajistis ak palman an dwe kontwòle epi deside kouman lajan ki vin pou èd jiridik la ap depanse.
- Pou sa ki konsènen enstitisyon Leta yo, Kou Siperyè Dekont dwe fè travay li, epi fè rapò piblik sou fason lajan ki vin pou èd jiridik la depanse.
- Òganizasyon dwa moun ki jwenn finansman pou bay èd jiridik la dwe gen yon ajenda klè sou fason yo

bay èd jiridik la ak kouman lajan an ap depanse.
Dwe gen bonjan mekanis ki tabli epi ki klè.

- Mete sou pye yon estrikti ki gen ladan l reprezantan òganizasyon dwa moun yo, bawo avoka yo, Ofis Pwoteksyon Sitwayen an ak Ministè Jistis la pou kontwole jan lajan èd la ap depanse.